



## Grip Avyè

### Kisa grip avyè a ye ?

Grip Avyè H5N1, yo rele tou grip zwazo, se yon viris grip A ki afekte sitou zwazo. Natirèlman zwazo sovaj ki viv nan dlo konn genyen I epi li ka enfekte bêt volay domestik atravè rim, saliv, oswa twalèt. Li ra pou moun fè enfeksyon sa yo men li posib atravè kontak toupre ak bêt ki enfekte.

### Ki diferans ki genyen ant grip avyè ak grip sezón ?

Grip avyè sitou afekte zwazo, alòske grip sezón pwopaje pamí moun nan fason yo ka prevwa. Vaksen kont grip sezón pa pwoteje kont grip avyè.

### Kijan grip avyè pwopaje ?

Viris la pwopaje atravè kontak dirèk ak zwazo ki enfekte, kontak ak sifas ki kontamine, oswa lè w rale ti gout likid ki soti nan zwazo ki enfekte nan nen w pandan w ap respire. Transmisyon an fèt soti nan twalèt ale nan bouch ak wout ki gen rapò ak respirasyon yo.

### Ki bêt ki ka enfekte ?

Grip avyè a afekte sitou zwazo, tankou bêt volay domestik (poul, kodenn, kana) ak zwazo sovaj (sitou zwazo dlo ak zwazo rivaj). Zwazo sovaj ka pote viris la san yo pa malad. Bêt volay domestik montre sentòm grav ak to lanmò ki wo. Tou dènyèman, yo te detekte viris la nan bêt letye yo tankou bëf. Epitou viris la kapab enfekte lòt mamifè tankou chat, chen, ak lòt mamifè, menm si sa a mwens komen.

### Ki moun ki sou risk pou yo trape grip avyè ?

Risk pou publik la an jeneral rete ba. Moun ki gen kontak dirèk ak zwazo ki enfekte oswa twalèt zwazo yo, oswa moun ki ekspoze nan anviwònman ki kontamine yo sou pi gwo risk. Sa yo gen ladan yo fèmye ak travayè ki fè èlvaj bêt volay, bêt letye tankou bëf, ak lòt animal, travayè ki nan trete manje ki travay ak lèt kri ak lòt materyèl ki kapab kontamine, travayè ki nan etablisman pwoteksyon bêt sovaj, veterinè ak anplwaye veterinè, sekouris swen sante bêt, ak chasè.

### Kijan mwen ka pwoteje tèt mwen kont Grip avyè ?

Pi bon fason pou ou pwoteje tèt ou kont grip avyè se diminye kantite kote ou ka ekspoze chak fwa sa a posib. Zwazo ki enfekte pwopaje viris la atravè saliv, rim ak twalèt, alòske mamifè ki enfekte yo ka transmèt viris la atravè likid ak rim ki soti nan nen yo lè yo respire ak likid ki soti nan kò yo, tankou lèt bëf.

Kòm prekosyon jeneral, evite kontak dirèk ak zwazo sovaj ki malad oswa ki mouri, bêt volay, ak lòt bêt; gade yo sèlman nan yon distans ki san danje. Evite manyen sifas ki kontamine, materyèl kote volay ak lòt bêt yo dòmi, ak twalèt bêt tankou zwazo sovaj, zwazo domestik oswa lòt bêt ki gen enfeksyon grip avyè ki konfime oswa yo sisipèk.

Pa konsome lèt oswa pwodui letye ki pa pasterize.

### Èske li san danje pou ou manje bêt volay ak ze ?

**Biwo Epidemiyojo Maladi Enfektye**

**Nimewo Kontak nan Ka Ijans 24 èdtan pa jou 7 jou pa semèn: 1-888-295-5156**

Revize : Desanm 2024

Paj 1 nan 3

Li san danje pou ou manje bêt volay ak ze ki byen kwit lè yo kwit nan yon tanperati entèn ki atenn omwen 74 degrè C. Evite pwodwi bêt volay kri oswa ki pa kwit epi pratike bon prensip lè w ap manyen manje.

### **Kijan travayè nan endistri bêt volay ka pwoteje tèt yo ?**

Travayè yo ta dwe mete Ekipman Pwoteksyon Pèsònèl ki apwopriye, tankou respiratè N95, pwoteksyon pou je, gan jetab, ak rad ak bòt pwoteksyon. Li enpòtan anpil pou ou lave men w regilyèman. Travayè yo ta dwe chanje rad yo anvan yo kite etablisman yo, evite pataje ekipman ant fèm yo, epi kenbe pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon konplè pou tout ekipman ak machin yo.

### **Ki prekosyon chasè yo ta dwe pran ?**

Chasè yo ta dwe evite manyen zwazo ki sanble malad oswa ki mouri epi itilize gan jetab pou yo manyen yo. Evite manje, bwè, oswa fimen pandan w ap manyen zwazo. Lave men w yo byen ak dlo ak savon apre w fin manyen yo. Si savon ak dlo pa disponib, sèvi ak yon dezenfektan pou men ki gen alkòl.

### **Èske mwen ta dwe fè tès grip avyè ?**

Risk pou publik la an jeneral rete ba. Si w devlope [sentòm ki sanble ak grip](#), kontakte pwofesyonèl swen prensipal ou a epi fè l konnen si ou te gen yon kontak dirèk ak zwazo ki malad oswa ki mouri.

### **Ki gwo mezi Divizyon Sante Biblik Delaware (Delaware Division of Public Health, DPH) ap pran ?**

- DPH ap siveye ak anpil atansyon ka grip zwazo ni nan zwazo sovaj ak bêt ki nan fèm, ansanm ak moun ki sou risk pou yo ekspoze, sitou moun k ap travay nan fèm oswa k ap jere zwazo. Efò kolaborasyon sa a enplike ajans eta ak ajans federal yo pou swiv pwopagasyon viris la epi asire sekirite publik la.
- Lidè DPH yo ap travay pou asire moun yo sisplèk ki gen grip avyè yo kapab jwenn aksè ak tès ak tretman nan bon moman si sa a nesesè. Identifikasiyon ak entèvansyon bonè enpòtan anpil pou anpeche maladi a pwopaje.
- DPH ap fè rezidan yo sonje yo rekòmande pou yo pran vaksen kont grip ak COVID-19 pou tout moun ki gen 6 mwa oswa plis. Vaksen sa yo ede diminye chaj jeneral maladi a.
- DPH pran angajman pou li kenbe biblik la enfòme lè li mete paj entènèt li yo ajou regilyèman ak dènye enfòmasyon sou grip zwazo a. Sa a gen ladan konsèy sou prevansyon, sentòm, ak sa pou ou fè si yon moun sisplèk li ekspoze.

Atravè mezi sa yo, DPH ap bay sante ak sekirite kominote a priyorite pandan l ap travay pou anpeche viris la pwopaje plis.

### **Ki moun pou m kontakte si mwen vle rapòte zwazo ki malad, ki blese oswa ki mouri?**

Rapòte zwazo sovaj ki malad, ki blese oswa ki mouri bay DNREC Wildlife Section (Seksyon Bèt Sovaj DNREC la):

- Soti lendi pou rive vandredi, apati 8:00 a.m. jiska 4:30 p.m. : 302-739-9912
- Apre lè biwo/wikenn/jou konje : Ale sou pòtay sou entènèt la sou [dnrec.delaware.gov/fish-wildlife/conservation/sick-dead-wildlife/reporting/](http://dnrec.delaware.gov/fish-wildlife/conservation/sick-dead-wildlife/reporting/)

Enfòme Depatman Agrikilti Delaware la (Delaware Department of Agriculture, DDA) pa imèl ([poultry.health@delaware.gov](mailto:poultry.health@delaware.gov)) oswa telefòn (302-698-4507) si w jwenn zwazo sovaj ki malad/blese/mouri sou fèm ou an.

Pwodiktè komèsyal : Kontakte konpayi kontra w la si/lè ou remake siy maladi.

**Biwo Epidemyoloji Maladi Enfektye**

**Nimewo Kontak nan Ka Ijans 24 èdtan pa jou 7 jou pa semèn: 1-888-295-5156**

Revize : Desam 2024

Paj 2 nan 3

## **Referans**

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi: <https://www.cdc.gov/bird-flu/virus-transmission/avian-in-birds.html>

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi: <https://www.cdc.gov/bird-flu/about/index.html>

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi: <https://www.cdc.gov/bird-flu/prevention/food-safety.html>

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi: <https://www.cdc.gov/bird-flu/prevention/farm-workers.html>

Depatman Agrikiti Etazini: [https://www.aphis.usda.gov/sites/default/files/fsc\\_hpai\\_hunters.pdf](https://www.aphis.usda.gov/sites/default/files/fsc_hpai_hunters.pdf)

Depatman Resous Natirèl ak Kontwòl Anviwònman Delaware:

<https://news.delaware.gov/2024/12/28/snow-geese-test-presumptive-positive-for-avian-influenza-delaware-poultry-producers-encouraged-to-take-precautions/>

**Biwo Epidemiyoloji Maladi Enfektye**

**Nimewo Kontak nan Ka Ijans 24 èdtan pa jou 7 jou pa semèn: 1-888-295-5156**

Revize : Desanm 2024

Paj 1 nan 3